ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЕЙ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№227 (21.135) ● 2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ**

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ**

ЩЫ Іуэхуэхмкі реформэр егъэкІуэкІын, щІым екъэлІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ зэхуэныкІэхэр зэхуэкІыным теуха къэрал политикэр убзыхуным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентыр зыхэплъэну Іуэхугъуэхэр гъэхъэзырын мурадкІэ **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩЫ Іуэхуэхмкі реформэм зыщыхуэзгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ республикэ комиссэ (адэкІэ - Комиссэщ) кмыэгъэпщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы Указым и Гуэдзэным эрытым хуэдэу.

2. Комиссэм (Къэжэр А. Хь.) и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щы реформэм зыщыхуэзгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ программэм и проектыр игъэхьэзыру сыхэплъэн папщІэ къыхилхьэну.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м*
*№87-УП*

***Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щэкІуэгъуэм 17-м къыдигъэкІа Указ №87-УП-мкІэ къыщытащ***

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм**
**ЩЫ реформэм зыщыхуэзгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ республикэ комиссэм хэтхэр**

**Къанокъуэ А.Б.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентыр *(Комиссэм и унафэщІ)*

**Къэжэр А.Хь.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ*Іыр (Комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

**Бердюжэ В.И.** - «Новоивановскэ» щІыхуэ предприятэ акционер обществэ зэхуэсщІам и генеральнэ директорыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эгъуэгуфІыкІ)*

**Бышэн А.А.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкІ и министрыр

**Дзхъушокуэ М.И.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтыр, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочиу лІыкІуэу Ищэ федеральнэ округым щыІэм и деж щыІэ Нэхъыщхьэм я советым хэтыр

**Жэрыкъуэ Б.Хь.** - «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и Политикэ советым и секретарыр, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и яп» Президент КІуэкІуэ В.М. и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр мэкъумэш академиер федеральнэ къэрал еджапІэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эгъуэгуфІуауэ)*

**Къуэшрокуэ З.Къ.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым, суд органэм щыІэр *(Комиссэм и секретарыр)*

**Клевцов М.М.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтыр

**Лыджыдэ Хь.П.** - ЯмыгъэІэпхъуэ мылькум и кадастрымкІэ федеральнэ агентствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эгъуэгуфІуауэ)*

**Мусуков А.Т** . - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономкІэ зыужьыщІэмрэ сатумкІэ и министыр

**Несутулов В. Г**. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и комитетым и унафэщІыр *(эгъуэгуфІуауэ)*

**Пэнагуэ М.А** . - Тэрч муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэр *(эгъуэгуфІуауэ)*

**Пуварки В.И.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэр *(эгъуэгуфІуауэ)*

**Сэхъу М.И.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал мылькыр зехьэнымрэ щІы ресурсхэмкІэ и министрыр

**Темиржанов М.О.** - Шэрдж муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэр *(эгъуэгуфІуауэ)*

**ТхьэгъэпсэО Хь.Хь.** - профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт Бэрбэч Хь. М. и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» къэрал еджапІэм и Социально-гуманитар институтым философиемкІэ и кафедрэм и профессорыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтыр

**Черкесов Г.М**. - «Пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтыр

**Чеченов А.А.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым и къуэдзэр*

**Ерчэн Т.Хь.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэмкІэ и министрыр.

# УзыщыгуфІыкІ хъун Іуэху

**●Щэнхабзэ**

**Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрымрэ «Зэкъуэтынигъэ» псапащІэ фондымрэ ирахьжьауэ щыта Іуэхугъуэм, драмэ тхыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьыным теухуам, къырикІуахэр щэкІуэгъуэм и 20-м театрым щекІуэкІа зэІущІэм наІуэ щащІащ.**

ПШЫХЬЫМ кърихьэлІат Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен,** Правительствэм и Унафэщ*Іым и къуэдзэ* **Дышэкі Мадинэ**, КЪБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр **Тут Заур** Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ **Хьэмгъуокъу Леонид**, лъэпкъ интеллигенцэр, театрыр фІыуэ зыльагъу щыхуэхэр.

Театр лэжьакІуэхэм я союзым и унафэщІ Къумахуэ Мухьэдин зэІуІуэгъэ зезыхьэІуихыу театрым нобэ и щІыІэкІэ-псэукІэм, зыхэт гугъуехьхэм, зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІа щІыкІэмрэ абы ирапх гугъу дахэхэмрэ кІэщІу и гугъу ищІа иужь, псалъэ иритащ Адыгэ театрым и художественнэ унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Шыбзыхьуэ Басир.

- Псоми зэращІэщи, театрым и гукъуэр нэхъ ин дыдэщ драматургие зызыужьа дыдэ-римыІэр, ар ди закъуэкъым зи тхьэмыщкІагъэр, атІэ льэпкъ куэд апхуэдэ щытыкІэ гугъум итщ, - жиІащ Басир. - «Зэкъуэтынигъэ» псапащІэ фондым и къыдэгъэпэщакІуэ Щхьэгъуэш Адэлбий и фІыщІэкІэ дэ тхуэзэфІэкІащ фы дыдэу пьесиплІ къыхэтхыну. Нэхъ гуапэ дыдэращи, тІур зи Іэдакъэщ Іэкъыр зи цІэр яп эзэхэтх драматургэщ. Сыкъуейт абыхъэм я зэфІэкІым нэхъри хагъэхьэуэну.

Къыхэхуэса псоми Шыбзыхьуэм фІыщІэ яхуищІа иужь, зэІуІуэм къыщыпсэльащ Щхьэгъуэш Адэлбий. Абы къыхиІэщащ ди цІыхуэхэм адыгэ льэпкъым и жьантІэу къэплъитэ хъуну театрым гулъытэ лей хуащІ зэррыхъужьым зэрыщыгуфІыкІыр, льэкІ псомкІи театрым дэІэпыкъуну зэримурадыр.

Адэкъэ Къумахуэм къыхэхуэсахэр щигъэгъуэзащ яп увыпІэр зыми зэрыраметат. ЕтІуанэр зэдгуэщащ **Къанокъуэ Заринэрэ Дуэмн Мурадинрэ**, ещанэ увыпІэр кьахьащ тхахІуэ нобжьыщІэхэу **Гъурф Муратрэ Апажэ Мурадинрэ**. ЯгъэзэжакъэмкІ фІыщІэ псалъэхэмкІэ зыхуаГъэзащ зэхьэзэхуэм и къыхэгъэпэщакІуэ Щхьэгъуэш Адэлбий и фІыщІэкІэ дэ тхуэзэфІэкІащ фы дыдэу пьесиплІ къыхэтхыну. Нэхъ гуапэ дыдэращи, тІур зи Іэдакъэщ Іэкъыр зи цІэр яп эзэхэтх драматургэщ. Сыкъуейт абыхъэм я зэфІэкІым нэхъри хагъэхьэуэну.

Къыхэхуэса псоми Шыбзыхьуэм фІыщІэ яхуищІа иужь, зэІуІуэм къыщыпсэльащ Щхьэгъуэш Адэлбий. Абы къыхиІэщащ ди цІыхуэхэм адыгэ льэпкъым и жьантІэу къэплъитэ хъуну театрым гулъытэ лей хуащІ зэррыхъужьым зэрыщыгуфІыкІыр, льэкІ псомкІи театрым дэІэпыкъуну зэримурадыр.

Адэкъэ Къумахуэм къыхэхуэсахэр щигъэгъуэзащ яп увыпІэр зыми зэрыраметат. ЕтІуанэр зэдгуэщащ **Къанокъуэ Заринэрэ Дуэмн Мурадинрэ**, ещанэ увыпІэр кьахьащ тхахІуэ нобжьыщІэхэу **Гъурф Муратрэ Апажэ Мурадинрэ**. Ягъэзэжакъэм фІыщІэ щІыхь зиІэ и артист Ало Арсен къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лъжьакІуэ, журналист Бесльэней Владимир къыщалъхуа махуэщ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 12-м, кьуэкьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 35-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 23-рэ.**

**Щэкіуэгъуэм и 23, *мэрем***

♦ЩэкІуэгъуэм и 23 - 25 махуэхэм Великобританием и пащтыхь гуаущ Елизаветэ ЕтІуанэр яІущэнущ къэрал 53-м я унафэщІхэм.

♦Москва кьыщызэрагъэпэщнущ Дунейпсо финанс зэхуэс (форум). Абы щагъэльагъэнущ «Инвестор Экспо-2007» зыІэщІа выставкэр.

♦Режиссер гъуэзэдж Ефремов О.Н. и фэеплъ щыщхьэщхьэ щрагъэкІуэкІынущ Чеховым и цІэр зезыхьэ Художественнэ театрым.

♦Ильэс 80 мэхъу УФ-м и цІыхубэ артист Адоскин А.М. кьыгъэралъхуэр. Ар Іэзэу щыджэгуащ «Два капитана», «Братья Карамазовы», «Часы остановились в полночь», «Девчата», нэгъуэщІ фильм куэдми.

♦ЩІэныгъэлІ, филолог, тхыдэтх, узэщІакІуэ Нэгуэмэ Щорэ къыщалъхуа махуэщ.

♦УсакІуэ гъуэзэджэ, щІэныгъэлІ, зэдзэкІакІуэ КІуащ БетІал къыщалъхуа махуэщ.

♦УсакІуэ, журналист цІэрыІуэ Уэрзэй Афлик къыщалъхуа махуэщ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 13-м, кьуэкьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 34-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 21-рэ.**

**ПланетэрэзыгъэкъэжьащІ ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийрэ.**

**●Тэрч куэйм**

# Йоужьэрэкі

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Президентым гулъытэ хэха хуэщІапхъэу кьыхэгъащІэхэукІаХэм ящыщщ щІэблэр щагъасэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхугъуэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат, лІыкІуэ щІэблэр щагъасэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхугъуэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат, лІыкІуэ щІэблэр щагъасэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхугъуэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат, лІыкІуэ щІэблэр щагъасэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхугъуэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат Гуляевэ Валентинэ, «Ля Рож диагностик» фирмэм и унафэщІ Сухоруков Викторэ, а Іуэхущ*Іапі*эм и лэжьакІуэ унащхьэ зэхъуэкІынри абы хэту. Іуплъапіэмрэ унэ кІуэщІымрэ иджыпсту ухуакІуэхэм зэрахьэ. Лъжьыгъэр и кІэм нагъэсыну я мурадщ дыгъэгъэзэж кьиммыхьэу.

Новэай Балкарие кьуэдзэм клубым и хуей щыхуагъэзащ, мы махуэхэм зэфІагъэкІащ унэр уэздыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къэгъэнэхунри. Урожайнэм и щэнхабзэ Іуэхущ*Іапі*эм и блынкэр зэрагъэхащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр зэрахъуэкІащ. БужьэрэкІыу уухакІуэ бригадэхэр щоладжьэ Дей, Хьэмидей, Плановскэ жьылагъуэхэм. Мы къуажищым зэхэту мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдзнущ сом мелуанрэ нЫкъуэм щІигъу. ЩэнхабзэмкІэ унэхэм къадэкІуэу, Интернационалнэ жьлэм дэт амбулаторэмрэ егъэкІпэм хэт спорт залымрэ зыхуэт хуагъэзащ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

**● Парламент едэІуэныгъэхэр**

# Япэ игъэщыпхъэу къалъытэ

**КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, узынщагъэр хъумэныкІэ и комитетым къыхилхьэри, щэкІуэгъуэм и 20-м депутатхэр хэплъащ «Афиным пэщІэтыныр щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ*Іапі*эхэм ЕгъэныгъэІ и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІыпхъэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэщ» зыфІаща парламент едэІуэныгъэ.**

ІУЭХУР КЪЭЗЫІЭТА комитетым хэтхэм кьищынэмыщІа, министерствэ, ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр кьызэрихьэлІа зэІущІэр кьызэІуихащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ*Іы* **Бечелов Ильяс**

- Нобэ дыщыізэхьхьар лъэныкъуэ куэдым елъыта, мы хьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ, - жиІащ Бечеловым. - Махуэ къэс нэхъыбэ мэхъу афиныим дихьэхэм я бжыгъэр, нэхъ хьэпъэращи, кІуэ пэтми апхуэдэхэм яхэхуэр ныбжьыщхьэу зимыІэхэрщ. Ар къэплъытэмэ, лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэнми, демографие щытыкІэр егъэфІэкІуэнми дауэ узэрытепсэльыхьынур? Мы зэІуІэм хэтщ зи гугъу тщІы Іуэхум епха Іэщ*Іагъ*эхэри, зэхэтынчр купщафІэу щытыну сыщогугъ. Кьэпсэльапіэ утыкум Іэмал кьыдет дохутырхэмкІ, егъэджакІуэхэмк, наркоконтроль Іэнатіэм и лэжьакІуэхэми я Іуэху ельыкІэхэр къэтщІэну, зэфІэхьыкІэ хъунум зэгъусэу дегупсысыну.

Зэ*І*уІэр адэкІэ езыгъэкІуэкІа **Иванов Игорь** (Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, узынщагъэр хъумэныкІэ комитетым и унафэщІ) псалъэ иритащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Дорохинэ Лидие**. Ар тепсэльыхьащ афиныим пэщІэтыныкІэ республикэм и курыт еджапІэхэм, школ библиотекэхэм, щІэныгъэ, гъэсэныгъэ щрагъэгъуэт нэгъуэщІ Іуэхущ*Іапі*эхэм щрагъэкІуэкІ. Ар Іуэхум ипкъ иткІэ зэхатІэу ва программхэмрэ методикэхэмрэ кьызэрагъэсэбэпым, дяпэкІи гу зылъытапхъэу къыльытэхэм, нэгъуэщІхэми.

Афиян зэзыхьэлІэхэм, абы илыкІхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр, а гуэвэгъуэм ныбжьыщІэхэмрэ бзылъхъуэхэмрэ я иужьрей зэманым къызэІуихуа хэша зэрыхъуэр къыхигъэщащ Наркотик зезыхьэхэм ебэныкъмкІэ УФ-м и федерал Іуэхущ*Іапі*эм и щІыналъэ къудамэу КЪБР-м щыІэм и унафэщ*Іы*м и къуэдзэ **АфІэунэ Къазбэч** .

Псалъэм папщІэ, ди республикэм щыпсэу наркоманхэм я бжыгъэр 2003 гъэм 1457-рэ хьуауэ щытамэ, дызэрыт илъэсым и мазибгъум апхуэдэхэр 1578-м нэсащ. Зэрынаркоманыр гъэнэхуауэу щыт ныбжьыщІэхэр 37-рэ, бзылъхъугъэхэр - 176-рэ мэхъу, зэрыпІам кьыхэкІыу учетым ирахьжащ цІыху 55-р (2003 гъэм апхуэдэхэр 44-рэт зэрыхъур). Къыхэгъэщыпхъэщ, ди республикэ щІыналъэм джэкІэ къэдгъэльэгъуэ Іэнатіэхэр зэрымыкІащІэр, къэкІуэн ямылэжу плъытэ хъунущ зи гугъу тщІа ныбжьыщІэхэми сабий зэшнэ япІу псэун хуея бзылъхъугъэхэми. Ар икъуэкІ гущІыхьэщ.

- Наркотикым дихьэха ныбжьыщІэхэм папщІэ реабилитацэ центр зэдащІмылІэр ди республикэм и закъэщ, - жиІащ АфІэунэм. - КъызэтедгъэувыІэну Іэмал зыхуэдмыгъуэтхэм зыщыщ ерыскъым халъхь Іущхь жылэу республикэм кьрашэр гъэмэщІэнкІэ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ ГОСТ-м къильытэркъым абы афиян хэлъу.

Адэкъэ къэпсэльапІэр хуит зыхуащІа КЪБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министрым и къуэдзэ **Гаевэ Аленэ** тепсэльыхьащ наркоманием кьежьапІэ хуэхъу социальнэ щхьэусыгъуэхэм, абы зиубгъуныр кьызыхэкІымрэ лъэпкъэр зыхиущэмрэ.

- НыбжьыщІэхэр афиныим дихьэхыным кьыхэкІ щынагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ лъэпкъым и кьуэпсыр абы зэригъэгъуэр, - жиІащ Гаевэ Аленэ. - Диспансер учетым щыт наркоманхэм (нэхъыжьыІуэхэри ныбжьыщІэхэри зэхэту) я процент 78,2-м зрахьэлІэр опийщ - нэхъ хьэлъэ дыдэу щІыхэр эщІэзэІуІпІа щхьэхъ лІэужьыгъэуэрщ. Зи гугъу тщІы узыфэр хэкІыпІэншэ зыщІым щыщщ абы узэребэнын Іэмалгъэ хущхъуэгъэуэрэр зэрыщмыІэр, ар щІыхум кьемыуэлІэн щхьэкІэ мастэ хэлъхьэ хъууэ е нэгъуэщІ дохутыр Іэмэпсымэ гуэркІэ упрыкуфІну зэрыщымытыр. Абы къыхэкІкІэ гулъытэ кхъыбэ хуащІу елъэжьыпхъэщ афиныимрэ ныбжьыщІэхэмрэ нэхъ эзэпІэщІэ зэрыхъуным, ар зыхуэдэр нэгъуэщІхэм зэрамыгъэунэхуным, абы ирисымаджэхэм ядэІэпыкъуным.

Уз зэрыщІалэхэмрэ щІалэгъуалэм щыщ куэд пасэу лІэнымрэ наркоманиер кьежьапІэ зэрахуэхъуэм, абы ебэныкмкІэ зэфІагъэкІахэмрэ адэкІэ щІэн хуейм зэрагъэгъуэтащ КЪБР-м Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм хихьэу СПИД-мрэ уз зэрыщІалэхэмрэ япэщІэтыным теухуауэ щыІэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Джыназ Руслан**. Абы къыгъэлъагъуэ бжыгъэхэри щыІагъуэт: СПИД зыпкъырыт щІыху ди республикэм ягъэ*І*ніа зэІущІэм 1993 гъэм къыщыщІэдзауэ дызэрыт мазэм нэс ирагъэкІуэкІа кьэпщІэныгъэхэм кьагъэльэгъуа бжыгъэхэр мыпхуэдизу: а узыфэ Іей дыдэр щІыху 379-м къеуэлІащ, 77-р иплъкІащ.

Мы Іуэхум теухуауэ Парламентым къыщыпсэльащ КЪБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къардэн Мурат**, Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэ КЪБР-м щыІэм и къудамэм и унафэщІ **Шорэ Алик**, Узынщагъэр хъумэныкІэ министерствэм зи ныбжь иримыкъуахэм ядалажьэ и психолог-нарколог нэхъыщхьэ **ПащІэ Артур**, Прохладнэ къалэ округ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущ*Іапі*эм и унафэщІ **Голубчийий Сергей**, Бахъсэн дэт 3-нэ курыт еджапІэм и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и Іуэхущ*Іапі*эм **Гьубжокъуэ Анжеликэ** сымэ.

Зытепсэльыхьа Іуэхум теухуауэ лэжьыпхъэхэр зэІуІэм хэтахэм ягъэбелджылащ.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**

**Хээныгъэм хэтынур зыщ**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Иджы къащта хабзэщІэм ипкъ иткІэ, Республикэм и*

*ДыкІуэу УФ-м и Къэрал Думэм ящкІэрэ и зэхэуэсыгъуэм и депутату хахьнур зыщ. Нэхъапэм КЪБР-м и щІэныгъэ хэта депутатыр - Залепухин Николайрэ Максимовэ Надежэрэ - иджы щІэрыщІэу зыкъэзэІэльагъуэр иужьрейщ.*

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, хабзэщІэмкІэ щІыху мин 650-м кьаебгъэдэкІыу зыкъэзыгъэльэгъуэну хуитыр зы кандидатщ, КЪШР-м Іэ зыІэтыну хуитыныгъэ зиІэ ныбжьыкІ хуиІыгъуэ щыпсэур щІыху мин 300-щ. Максимовэ Надежэ «Зыуэ щыт Урысей» партым хэтщ, нэхъапэм зы мандат округым щыхахауэ, IУ зэхуэсыгъуэм Къэрал Думэм бюджетымрэ налогымкІэ и комитетым и унафэщ*Іы*м и къуэдзэу щытащ, езыр Москва щыщщ.

Максимовэ Надежэ КЪШР-м и лІыкІуэу Къэрал Думэм щыщІа лъэхъэнэм республикэм ящІ-кІэщІуэ кьэкІуащ. Къэрэшей-Шэрджэсыр федеральнэ программэ зыбжанэм хигъэхьащ.

**Зыгъэсэныгъэхэр йокІуэкІ**

АБХЪАЗ. *Республикэм и Кодор аузым щыІэ «Целбельд» полигоным щоІкІуэкІ абхъаз бгы фочауэхэм я зыгъэсэныгъэхэр.*

АБХЪАЗЫМ Зыхъужьмэ-мыгъэмкІэ и министерствэм кьызэрагъэпэщ я зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыналъэм мамырыгъэ щІэныр кьызэрагъэпэщ СНГ-м и лІыкІуэхэм я нэІэм щІэмыт щІэмпІэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**● Псапэ**

# Зэгъусэу узым пэщІоувэ

**ЩэкІуэгъуэм и 20-м республикэ Сабий фондым зэІущІэ гуапэ щызэхэтащ. Хабзэ хъуауэ, ильэс кьэс мы Іуэхущ*Іапі*эм щрагъэкІуэкІ фощыгъу уз зиІэ сабийхэм папщІэ «Зыщымыгъэгупшэ, уз уи закъуэкъым» кьыкуеджанэгъэм щІэт псапащІэ Іуэху.**

- 1997 ГЪЭМ эзтеубла хьуащ мы Іуэху щхьэпэр, - жиІащ фондым и унафэщІ Умэ Светланэ. - А зэманым ирихьэлІэу фощыгъу уз зыпкъырыт сабийхэм я бжыгъэр 63-рэ хьууэ арат. Нобэ аэр куэдкІэ нэхъыбэщ. ИльэсипщІым кьриубыдэу фондыр сабий 210-м ядэІэпыкъуащ. Мы Гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м Сабий фондымрэ «Зыуэ щыт Урысей» партымрэ дызэхъусэу едгъэкІуэкІа Іуэхум кьыхэкІа ахъшэмкІэ ильэм фошыгъуу хэтыр зыхьэзыпІэ кьэзыгъэльагъуэ аппаратхэр кьэтщэхуэри, сымаджэхэм ятедгъэуацэ щытащ. Ди гуапэ зэрэхьущи, гущІэгъу зыхэль цІыхуэхэр ди мащІэкІэм, дя сытым дежьи абыхэм я дэІепыкъунхэгъэ зыхьыдощІ.

Мы гъэм Сабий фондым мылькукІэ зыщІэзыгъэкъуэхэм ящыщщ КЪБР-м и Парламентым и депутат Гуляевэ Валентинэ, «Ля Рож диагностик» фирмэм и унафэщІ Сухоруков Викторэ, а Іуэхущ*Іапі*эм и лэжьакІуэ Уразовэ Иринэ, республикэм и эндокринологие церным и доуцыр нэхъыщхьэ Тау Татьянэ, а сымаджэщ*Іым* и лжьакІуэхэу Дыщокъэ Еленэрэ Кургановэ ФатІимэрэ, «Лозанна» ОАО-м и унафэщІ Лъэнкіэпашэ Ларисэ, «Солнышко» журналым и редактор нэхъыщхьэ НакІэ Еленэ, «Іадэмей» фирмэм и тхьэмадэ Уву Джумахур сымэ.

А махуэм сабий сымаджэхэм аппаратыщІэхэр, Іэмэпсымэщ*Іхэр* иратащ.

- ИкъукІэ си гуапэщ сабий сымаджэхэм ядэІэпыкъу, защІэзыгъакъуэ, гу щабэ зиІэ щІыху куэд республикэм зэрисыр. Ди кьарум кьызэрихьэ дэри защІэдгъэжьэнущ, езы сабийхэми я зэщІ зищІысыр кьагурыІуэу, яжетІэкІэ ягъэзащІэу, ди закъуэ мыхъуу, езыхэр зыкІэлъыплъыжь щытмэ, узым дытелІуэфынущ, - жиІащ Тау Татьянэ.

Егъэлеяуэ псоми гуапэ ящыхьащ Сабий фондым зэрызыщІигъэкъуэм нэмыщІ, Улу Джумхур зи анз зыщхьэщымытыр, фощыгъу уз зэфыщІ зэкъуэшитІымахъшэкІэ зэрахъуэпсар. А щІалэ щІыкІуитІыр кьызыхэкІа унагъуэм я ныбжьыр балигъыпІэ нэмысауэ иджыри сабиилІ яІэщ.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.**

**● Дзэлыкъуэ куейм**

# Іэщми фейдэми хохъуэ

**Дзэлыкъуэ куейм щыпэрыт мэкъумэщ хозяйствэхэу «Дзэлыкъуэ жылапхъэхэр» ООО-м, «Малкэ Ищэ», «Псынэдахэ» СХПК-хэм я нужьрей итъэсхэм ехьыІэныгъэфІ яІэщ Іэщ щхьэ бжыгъэм хэгъэхьуэнымкІэ.**

ХОЗЯЙСТВЭХЭМ псоми зэхэту мы илъэсым лыхэкІыу центнер 2000-м щІигъу зыІэрагъахьащ. Гъэ кІуам елыпатау ар центнер 500-м щІигъкІэ нэхъыбэщ. ЛыхэкІыр нэхъыбэ зыщІахэм ящыщщ щІэуэ къэзунэхуа «ХьуэкІуэн» ООО-р - центнер 360-рэ, «Дзэлыкъуэ» агрофирмэр - центнерипш 128-рэ. Районэ унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхубэ хозяйствэхэм хуэдэу унагъуэхэми хагъэхьуэж яІыгъ Іэщ бжыгъэм. Унагъуэхэм яІэщ Іэщыпшхуэу мин 30-м нэс, мэлу, бжэну мин 56-рэ, джэдкъазу мин 345-м щІигъу. Дзэлыкъуэ районым гъэшу кьыщащым и нэхъыбэр зейри аэрщ - 2007 гъэм кьрнубыдэу абыхэм щэуэ центнер 377060-рэ кьаІащ. Нэхъапэм кьуажэдэсхэм фейдэ кьызыпахьу щыта Іэщыр мы районым щагъэбгъэчэж.

**ЛЪОСТЭНМузэ.**

# Мы махуэхэм

**Щэкіуэгъуэм и 22, *мэрем***

♦Ливан Республикэм егъэльапІэ щхьэхуит щыхьэжа махуэр.

♦ЩэкІуэгъуэм и 22 - 23 махуэхэм Венэ (Австрие) щекІуэкІынущ атом къарумкІэ дунейпсо ІуэхущІапІэм («МАГАТЭ» яхьуаІэм) и унафэщІэм я Советым хэтхэм я зэхуэс.

♦Москва белджылы кІащІынущ «Тхьпльышхуэ» зыфІаща льэпкъ литературэ сагъэтыр зыхуагъэфэщахэр.

♦ЩэкІуэгъуэм и 22 - 23 махуэхэм Днепропетровск (Украинэ) щыІэхэтынущ кьалэпхъуэхэмрэ кьалащхьэхэмрэ я лІыкІуэхэм я Дунейпсо зэхуэс.

♦Ильэс 65-кІэ уэзІэбэкІыжьмэ, хьалъхуащ урыс актер, УФ-м и цІыхубэ артист, Кърал саугъэтыр 2003 гъэм зрата Бочкарев В.И.

♦Ильэс 85-рэ мэхъу Амиров Фикрет Мешади Джамиль, азербайджан композитор гъуэзэджэр, СССР-м и цІыхубэ артистыр кьызэралъхуэр.

♦КъБКЪуУ-м и профессор, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, академик, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ Щыбзыхьуэ Азэмэт къыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгей Республикэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ щІыхь зиІэ я артист, актер, уэрэджэІакІуэ цІэрыІуэ Иуан Владимир къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей-Балькъэрым щІыхь зиІэ и артист Ало Арсен къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лъжьакІуэ, журналист Бесльэней Владимир къыщалъхуа махуэщ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 12-м, кьуэкьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 35-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 23-рэ.**

**Щэкіуэгъуэм и 23, *мэрем***

♦ЩэкІуэгъуэм и 23 - 25 махуэхэм Великобританием и пащтыхь гуаущ Елизаветэ ЕтІуанэр яІущэнущ къэрал 53-м я унафэщІхэм.

♦Москва кьыщІэзрагъэпэщнущ Дунейпсо финанс зэхуэс (форум). Абы щагъэльагъэнущ «Инвестор Экспо-2007» зыІэщІа выставкэр.

♦Режиссер гъуэзэджэ Ефремов О.Н. и фэеплъ щыщхьэщхьэ щрагъэкІуэкІынущ Чеховым и цІэр зезыхьэ Художественнэ театрым.

♦Ильэс 80 мэхъу УФ-м и цІыхубэ артист Адоскин А.М. кьыгъэралъхуэр. Ар Іэзэу щыджэгуащ «Два капитана», «Братья Карамазовы», «Часы остановились в полночь», «Девчата», нэгъуэщІ фильм куэдми.

♦ЩІэныгъэлІ, филолог, тхыдэтх, узэщІакІуэ Нэгуэмэ Щорэ къыщалъхуа махуэщ.

♦УсакІуэ гъуэзэджэ, щІэныгъэлІ, зэдзэкІакІуэ КІуащ БетІал къыщалъхуа махуэщ.

♦УсакІуэ, журналист цІэрыІуэ Уэрзэй Афлик къыщалъхуа махуэщ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 13-м, кьуэкьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 34-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэти 9-рэ

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

***Къэрал Думэм и депутатхэм эхъуэкIынагъо хальхъащ УФ-м и Хьэуа кодексым и 133-нэ статьям, къэухьлатIэхэр ныкъуэтхIэ, экIуэдэ ныкъуэхэм я Iыхьлыхэм етын хуэй мылькур зыхуэдизыр къэзыхьлъагъуэм. Нэхъапэхэм зы цIыхуэм хуэзыр страховой компаниехэм ятыр зэрыхъур сом минищ къудейт. ХабзэщIэ къащтам я бжыгъэр сом мелуанитIым нисъэсащ.***

● ХабзэщIэ

# ГъащIэм и уасэр

ЗЭРЫГУРЫПУЭГЪУЭЩI, дэIэпыкъунущ гуэзвэгъуэм фэбжь хэзыхахэми. Ныкъуэдыкъуэ хьуахэмэ страховой компаниехэмрэ я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ кьыдэхьуэмэ, Iуэхум судыр хэпльащ.

ДяпэкIэ авиакомпаниехэр, шэч хэмылъу, нэхъ егупылъунущ кхъухьлатэкIэ кхъэкIухьхэм я шынагъэншагъэр кьызэрэпэщыным.

Дауэ мы Iуэхур хамэ къэралхэм (Европэм щыIэхэм) зэрыщыщытыр? Кьэтхьынщ бжыгъэ закъуэ.

Кхъухьлъатэр кьутэу зи Iыхьлы хэкIуэда дэтхэнэми иратыр мэхъу доллар мини 135-рэ.

«Сыт хуэдэу кьыфщыхьуэр депутатхэм кьащта хабзэщIэр?» - а упщIэм жэуап кратыр да къэралым щыцIэрыIуэ цIыхухэм яшыщ щхьатэм.

**Говорухин Станислав,** *режиссер:*

- Цыхьу гъащIэр льапIэщ, абы уасэ хуэбгъуэ хьуну кьыщIэкIынкъым. Ауэ Iуэхур зытеухуар цIыхьу щхьэхуэхэм ягъуэтын хуэй дэIэпыкъуныгъэрауэ щыщыткIэ, дауи, бжыгъэ гуэрхэр убзыхупхьэщ, ди къэралым и бюджетым хэзгъэкъаруун хуэдэу. Ди «жыпым» имылъыр дгуэш хьуныукъым. Си гугъэщ ар гурыIуэгъуэу. Ауэ пэмыдэжу цIыху дэтхэнэм и гъащIэри къэралым егуэгуу зэрихьумапхъэр. ГъащIэм и уасэр мелуан Iуэдэжми кьыхуигъэтIэсэнукъым.

**Пресняков Владимир,** *музыкант:*

- ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, цIыху гъащIэр щылъапIэкъым ди къэралым. Теракт хэкIуэдахэм, авиацэм епха кхъухьыкащIхэм зи гъащIэр ихьахэм я Iыхьлыхэм дазэрыдзэIэпыкъуупхьэр зыхуэдизыр зыубыхуэн хуэйр, дауи, Iэщагъэлъ Iэрщ. Сэ кьызэрысльытэмкIэ, Стабилизацэ фонд ин щыдиIэкIэ, КхъухьэпIэ къэралхэм щатахъшэ бжыгъэм хуэдизу ди цIыхухэми щIедмытым щыIэкъым. Сыт щхьэкIэ? А къэралхэм бензиным щиIэ уасэм хуэдизу мэхъу ди дежи а гъэсынпхъэм щыщIатри. Сыт ди цIыхухэм я гъащIэр нэхъ пуду щIыщытпхъэр?

Сэ сызэрегупсысымкIэ, зи Iыхьлы щIэкIуэдахэм е фэбжьыщхуэ зыгъэутахэм страховой компаниехэр ядэIэпыкъупхьэщ еврэ минищ нэхъ мынэхъ мащIэкIэ. Сэ кхъухьлъатэм сису зэи гуэзвэгъуэ сыхэхуакъым, ауэ иджыблагъэ си щхьэгъуэгэр Москва кхъэзрыкIуэжа кхъухьлъатэр, зытетIысхьэпхъэ лъагъуэм тежри, ерагъэсрагъыуц кхъэзрызэтенар. Абы ихахэм я гуэм щыщIар хэт кьыпытэфын? Ауэ зыми нгу кхъэкIакъым «бзылъхь дыдэхэмдзар зыгуэрурэ ахъшэкIэ вгъэзэкIуэж» - жиIэну. Дэ абихэм десакъым. Псэууэ дыкъелажэ, дынасыпыфIэу зыдолытэж.

**Пархоменко Николай,** *Атлетикэ хьэлъмкIэ федерацэм и унафэщI:*

- Сом минищэр зырикIщ, хьэдэгъуэдахэщ, хэкIуэдахэр ауан ирипщым хуэдэу мэхъу. ЦIыху гъащIэр, дауи, кьыпхъэмылъытэн хуэдизу льапIэщ. Я нэхъ мащIэ дыдэу ящIами, абы «уасэу» сом зы мелуан хуагъэувын хуеящ нэхъапэхэми.

Ауэ автомобиль зэжьэхуэхэм, нэгъэщI насыпышагъэхэм хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм, фэбжь хэзыхэм етыпхъэр, шэч хэмылъу, нэхъ мащIэщ. Апхуэдэ хъухькащIэхэр кудыIуэ мэхъури, къэралым хуэзфIэкIынукъым а псоми ахъшэщхуэ яритыну.

Мыпхуэдэуи согупсыс: къэралым и ахъшэхэр кхъухьлъатэхэр зэгъэпэщыжымыем е щIэуэ кьэщхэхуным нэхьыбэу хилхьхэмэ мынэхьыфIу пIэрэт?

**Неструев Михаил,** *Олимпиадэм нэщанэ еуэмыкIэ чемпион щыхъуа:*

- Лей, зытетхьахэм ахъшэу нэхъыбэ иратын хуей кхъухьлъатэкIэ, авиакомпаниехэр нэхъ егупылъунущ я кхъухьлъатэхэр ныкъуэсанагъэншэу зэрыщагъэтыжыным. Авиаторхэр егупсысын хуейщ яIэщIэкIуадэ цIыхухэр зэрылажьэншэм, абихэм я гъащIэмкIэ зэрыжэуапткIуэм, я зэранкIэ ажалым ихьхэр езыхэм яIэщIэукIа хуэдэу екъплытэ зэрыхьуным.

Страховой компаниехэм цIыху гъащIэм цIатыпхэр, кьызэрысфIэщIымкIэ, сом мелуанищ нэхъэр нэхъ мащIэу щытын хуейкъым.

**Коклюшкин Виктор,** *тхакIуэ:*

- Къэралым и унафэщIэм езыхэм я гъащIэм уасэшхэ хуагъэзувынущ, ауэ «цIыхубз» жыпIамэ, ахъшэм щысхьу щIадзэ. Сэ жысIэфанукъым гъащIэм и уасэр ахъшэкIэ зэрыхъур. Сэ сфIэзахуэр мыраш: кхъэралыр кхъулеймэ, ахъшэшхэр итын хуейщ, кхъулейсызмэ - хуэзфIэкIым щремысхь. Урысейр кхъулейхэм ящыщщ. Абы цIыху гъащIэм хуигъэувыпхъэщ уасэшхэр.

*Тхыгъэр зыгъэхьэзырахэр:*
**ЛЕСКОВ Дмитрий, ГЕРАСИМОВЭ Мариэ, НАЛБАНДЯН Диана.**
*«Труд».*

● КIэщI дыдэу

## Ищэ щIынальэм щыхъыбархэр

♦Кисловодск и Iэгъуэблагъэхэм (Шаджэхмэз льагапIэм) щаухэу Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэралуниверситетым и Кавказ бгы астроном обсерваторэр. Абы и телескопыщIэм и гъуджэм и бгъуэгъыр метри 2,5-рэ хьунущ. Обсерваторэм лажьэу щIидзэнущ 2010 гъэм и кIэхэм.

♦Осетие Ищхъэрэм щыхэзыщIащ УФ-м и Правительствэм и япэ вице-премьер Иванов Сергей. Абы щыгъуазэ зыхуищIащ республикэм и щIэныгъэлIхэм, хьэрычэтыщIэхэм, егъэджакIуэхэм, рабочэхэм, мэкъумэшыщIэхэм я IуэхущIафэхэм. Унафэщ Iышхуэр арэзы техъуащ мы щIынальэм и коллектив куэдым ехьулIэныгъэ хъарзынэхэр зэрэIэм.

♦Сочи кьаIэм дыдэрыт илъэсым и япэрей мазипщIым кьриубыдэу зыщагъэпсэхуащ цIыху мелуанипIл хуэдизым. А бжыгъэр депутатхэм я нужьрей зэхуэсым наIуэ кьыщиIащ кьалэ администрацэм и Iэтащхьэ Колодяжный Виктор.

♦Урысейм и Абхъазымрэ зы экономикэ щIынальэу щытын хуейщ» - апхуэдэ фIощIыгъэ зиIэ зэхуэс щекIуэкIащ Москва. Абы кьаIэлэм и мэр Лужков Юрий мыпхуэдэу щыжиIащ: «Урысейр лIыгъэ хэлъу хуэщI-къун хуейщ Абхъазыр зыми Iэщ Iэмылъ къэралыгъэ зэрыхъуныи».

*«Северный Кавказ» газет.*

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

# Сыт лIыукIыр лIыхъужь щIащIыр?

**Урысыр льапIэ зэрыхъ унур УФ-м и Правительствэм имыщIауэ ара? ИщIамэ, ар щхьэ кьигъэхьуа?**

**Железняковэ Ф.,** *Томск.*

УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Титов Борис жеIэ:

- Правительствэм бэзэр цIыкIуфэкIыхэр щыгъэбгрихуи, абы кьрикIуэнум егIэпсысын хуеящ. Сатур монополистхэм зыIэщIаубыдащ. Монополие здэщIым, зэрыхабзэщи, уасэхэр убдыпIэншэу щIдокIуей. Мыри Iуэхум х эпщ: къулыкъуэхьэхэм ныкъуасныгъэ гуэри щымыIэу яIуатэмэ, ахъшэ саугъэтхэр я Iэрылъхьэщи, зэрыжаIэщи, «я нэхэр яуфыщIащ, я тхьэкIумэхэм щыв ирагъэпщхьащ», щыгъкIэр езыр-езырурэ ээтес хьужын я гугъэу. Абы кьрикIуар псоми дольагъу - нэкулъхэр кьыдощхэу автомобиль тIорыстсэхэм я уасэхэмкIэ.

**Тырум и дзэхэр «боевикхэр кьыдолыхьхьуэ» - жаIэуэрэ, Иракым и щынальэм ихьэри, курдхэм еэзуащ. Ар зыуи кьащIыхуакъым щрелъ тет нагъэущ къэралхэм. Ауэ Урысейр езым и щынальэм ис щэщэн террористхэм щезэуэкIэ, къэрал куэдым я унафэщIхэр зэрогъэкIий, «фыуыIэ!» - кьыщжаIэ. Сыт апхуэдэу щыщытыр?**

**Дригэ И.,** *Дон Iуфэ Iус Ростов.*

Къэрал Думэм и депутат Алексис Виктор мы Iуэхуэр зэрепльымкIэ, урысхэр кхъэзыпIагъэ мыхьэ политикэщ КьухьэпIэ къэралхэм щыIэр. Абы кьыхьэкIыу, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ щыIэми (апхуэдэ гуэри щымыIэми) Урысейм кьыхуэхьуцIэхэр нэхьапэхэми Iэджэ хъурт, дяпэкIи нэ хь мащIэ хъуну кьыщIэкIынукъым.

Тырум и дзэхэм мыззэмыгIэу удын гъащIэхэр ирадзащ Курдистаным и рабочэ партым кьызэригъэпэщ, зи къэралыгъэ зыухэхэжыну хуэпабгъэ гупхэм. Ау э я мурадкэр зрагъэхь уIлэфыркъым: я хуэтеуIэкIэркъым я бийхэр (Иракым щыIэ я льэпкъгъэхэм я деж партизанхэм гъэпщкIупIэ кьыщагъуэтри).

Пэжщ, зэрыхьэрий мыщхьэпэхэр ямыльагъу хуэдэу фэ зытрагъауэ я кьэрал куэдым. Ауэ, дауи ирехъуи, мы псом я уэжьIэ Тыркур Евросоюзым щIэ дыдэ хагъэхьэныр фIэщщыгъуейщ.

**Телеканал псоми кьагъэлъагъуэ лIыукI гущIэгъунщIэ дыдэхэм (маньяк жыхуаIэхэм) ятеуху нэтынкIэр. ЯбзыщIыркъым цIыху куэд зыIэщIэкIуэдахэм я псэукIар, ялэжьа щIэпхьаджагъэхэр, уеблэмэ кьагъэсэбэпа Iэмалхэр. Ар хабзэншагъэхэ?**

**Козлов В.,** *Москва.*

УпщIэм жэуап кьрет Медицинэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и упщIэкIуэ Епиколопов Сергей:

- Хабзэншагъэщ. Сыт лIыукIыр лIыхъужь щIащIыр? ЩIэпхъаджащIэхэм ящыщу кьэльытапхъэт а Iуэхухэм «жьыджэру» хэт журналистхэр. Сыт щхьэкIэ? ЛIыукIхэр телевизоркIэ зэрагъэлъагъуэу, абыхэм «кьаподжэж» зи щхьэр зэтемыс, залымыгъэ зехьэнми зи гупсысэр итхьэкIуэ Iэджэ. Кьэдкъэ нэхьыбэ мэхъу апхуэдэхэм ялэжь щIэпхьаджагъэхэр.

КьимыдэкIэ, лIыукIхэм ятеухуа хьыбархэр, гуваIэхэми кьыззэрыуэным хуэгъэпса лагъыным еущхьэ, щIалэгъуалэм ящыщ Iэджэм я щхьэхэм йотIысхьэ. Аращ, къэбгъэльагъуэм, щIэпхьаджащIэхэм зятеуха тхьылъхэр, фильмхэр щыкуэд кьэралхэм (псалъэм папщIэ, США-м) хабзэншагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIыщыбагъуэр.

**Си гъунэгъу фэстрым щIэсхэм яфIэфIщ Iэуэльэуэн, музыкэ Iэмэпсымэхэр я кьару кьыззрихькIэ ину ягъэлэжьэн. Милицым и лэ жьакIуэри кьез джат, ауэ ари сэбэп кьызэрысхуэхьуа щыIэкъым. Нэхьапэхэмэ жуэру, музыкэ Iэуэльауэр зэранышхуэ кьыс-хуохъу. Сыт сщIэнур?**

**Гумеров Б.Н.,** *Москва.*

Урысей юристхэм я зэгухьэныгъэм (ассоциацэм) хэт, юрист фирмэм и унафэщI Шаровэ Еленэ зэрыжиIэмкIэ, Iэуэльэуэным теухуауэ щыIэ мардэхэм щIэзыгъэгъуэр администрацэ жэуапым епшалIэ, сом 500 - 1000 хуэдизкIи бгъэпшынэ хьунущ. Апхуэдэ «налогыр» щIэх-щIэхыурэ ятеплъхьэу щIэбдзэмэ, шэч хэмылъу, уи гъунэгъуэхэм музыкэкIэ Iэуэльэуэныр кьаIэщIэужэгъунущ.

**Си щхьэгъуэсэмрэ сэрэ ди хадэм щыдогъэхьу тхьэкIумэкIыхьхэр. Аха гъэмахуэм щыдгъэщIакъым удз щынэ, хадэхэкI, ерысскъыжкI зэмылIэужьыгъуэхэм. Бжьыхьэ, щIымахуэ зэманхэм псэущхьэ щыкIухэм сыткIэ дахуэупсэмэ нэхъыфIэ?**

**Прокофьев Николай,** *Ставрополь.*

Ставрополь дэт ЩIэныгъэ-къэухьт акIуэ институтым и лэжьакIуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат Iэбылъ Батырхъан мыпхуэдэ чэнджэщхэр кьыыет:

- Белок, витамин, микроэлемент зыхэлъ Iусхэр нэхъыбэрэ къэвгъэсэбэп. Зи теплъэкIэ удзыфэ, мэ дахэ зыщIэт мэкъу гъущэри яфIэфIщ тхьэкIумэкIыхьхэм. ЗэрыфхуэзэфIэкIкIэ фахуэупсэ пхъы, жэгунэ, кIэрыкIи, кхъбыстэ, къэб хуэдэхэмкIэ. Шыгу, мел яхуэвгъэтIыпъ, псы яхуэвгъэув, мыщIыIэ дыдэу.

**Тыкуэнхэм ящыщ зым кьыщызжаIащ абы кьыщысщэхуа автомобиль пкъыгъуэр зэрылажьэну пIалъэмкIэ сатуущIхэм жэуап ямыхь у. Ар пэж?**

**Кулаков И.,** *Ставрополь.*

Пэжкъым. Автомашинэр мыкъутэу зэрылэжьапхъэ пIалъэм хуэдиз дыдэкIэ зекIуэн хуейщ абы и пкъыгъуэхэри. ЗемыкIуэмэ, щIэх кьутэмэ, е ныкъуасныгъэ гуэрхэр иIэу кьыщIэкIмэ, пкъыгъуэр кьоузыща щIэкIэ пхуахъуэкьн е абы и уасэр кьуатыжын хуейщ.

**Си закъуэу фэтэрым сыкъыщIэнащ, пенсэм сропсэу. ЩIэх-щIэ хьыурэ фирмэ гуэрхэм кьыпсэлъыкIыурэ, зыкъомым сыкьагъэгугъэ фIыуэ кьыскIэлъыплIынущ. сызыхуей псори сагъэгъуэтыну, сылIа нэхъ, си фэтэрыр кьахуэзгъэнэну сагурыIуэмэ. Ауэ, сошынэри, зыми си дзыхь езгъэзыркъым. Сыщыуэ пIэрэ?**

**Фролов М.,** *Тверь.*

УФ-м и Уэчыхлэжьи я юридическэ легие нэхъыщхьэм и унафэщI Койфман Абрам кьызэрильытэмкIэ, иужьрей зэманым гъэпцIакIуэхэр куэд дыдэ хъуащи, дэтхэнэ «псапащIэм» жиIэри уи фIэщ пщIы хъунукъым. Уи гъунэгъу, уи благъэ е цIыхугъэ гуэрым угурыIуэмэ зэманым гъэпцIакIуэхэр куэд дыдэ хъуащи, дэтхэнэ зэманым гъэпцIакIуэхэр куэд дыдэ хъуащи, дэтхэнэ кьыщухъащ. IупщIуи кьыпхъуащ жыгхэр Iуву кьызэрэщкIэкIа унэшхуэм пэгъунэгъуу щыту. Абы зэрыщIыхьэу, кьыуIащ зауэлI фащэ зыыгъуу щыIэу зыкъом. Щэнтиуэм иратэгъэпсыхьри, Iэмэпсымэ гуэрхэмкIэ къызэпаплъыхьащ. «Ухуеймэ, ди дежи кьанэ», - къыжраIащ. Ар имыдэу, щIэупщIащ: «Дэнэ сыздэущIэр?» - жиIэри. «Адрей дунейрщ», - «къратащ жэуап. ПсынщIэ дыдэуи... и унэм кьыщыхутэжащ.

Гъэтыжьхэм кьаIуэтэжа хъыбархэм ящыщ мыри. 1915 гъэм и щыщхьэIу мазэм Галлиполи хьтIыгуныкъуэм, Тыркум IащIэлъм, льэужьнышэу щыкIуэдащ Инджмльыным и 14-нэ Норфолк полкэр, щыхьу 800 зыхэтар. ЗэрыкIуэдар мыпхуэдэущ. Полкым кхъухэкIуэрт пшэ гуэрэныщхуэ. Абы гу лIатэри, сэлэтхэр къэувыIащ. Мыгувэу дзэ гупыр пшэм щIихъуащ. ИтIанэ, пшэм хуэмурэ зиIэтри, уэгум ит пшэ гуэрэн зыбжанэм, щIакхъуэ ягъэжьагъэщIэм ещIыкIэ, яхьыкъжащ. ЩIым зы салэти кьыщагъэуэтыжащ.

Атмуэдэ кхъэгъуэкэр машIэкъым. ЦIыху куэд щыкIуэда Iэгъэзблагъэхэр, Свердловск, Челябинск, Самарэ, Алтай, Волгоград областхэм я щIыналъэ щхьэхуэхэр.

1954 гъэм дунейм и щIыпIэ куэдым щалъыгъу хуэат «къэзыльэтыхь тепщэчхэр». Ахэр зиущысыр къэхутэным телажьэ Iуэхущапlэхэр, проектхэр кьыщызэрагъэпхуэат къэрал зыбжанэм (Урысейри яхэтщ). Мы зэманым абыхэм я нэхъыбэр льапIэхащ, языныкIуэхэм зи Iуэху зэрахуэхэмрэ зэфIагъэкIа кхъухтэныгъэхэм кьыкIуахэмрэ быдэу ящэхуащ.

ЦIэхуу щытауэ нахуэ кхъэхуэхэм ящыщщ «Шелдон Синди и арифметикэ» жыхуаIэр. Абы ящыщкIыкIкI, «кхъэзыльэтыхь тепщэчхэр» убзыхуным нэхъ жыджэру елэжьа, дунейм щIыруIэрыхьуэ щыхьыпIэлIэхэм я нэхъыбэр гуэру дунейм ехьжащ. Кхъбгъэльагъуэмэ, астроном, профессор Шариф А. зыпIилъэжащ, инджмльы яджагъэщхуэу Дзибфай В. Бристоль льэмыкIэр къэхъуар зыкьридзыхьжащ, Уоррен Шани псым зригъэтхьэлэжащ...

**ПОПОВЭ Надеждэ.**
*«Аргументы недели».*

● Iуэхугъуэ зэIумыбзэр

## Лъэужьыншэу мэбзэх

**Дызэрыт илъэсыи и япэрей мазихым къриубыдэу ди къэралым, здэкIуари-здэжари ямыщIэу, щыкIуэдащ Iыхьу мин 50-м щIигъу. Сыт ахэр щIэбзэхар? Дэнэ кьыщыгъльэхъуапхъэр? Зэгуэрым кьытеуагъуэтыжынкIэ дыгуГъэхьну?**

**А упщIэхэм я жэуапхэр зэкIэзэIумыбзщ.**

АМЕРИКАН журналист цIэрыIуэ Кихоу Дональд и фIэщу етх щыIэм щыпсэухэм куэд щIауэ «къэзыльэтыхь тепщэчхэр» къаззрещакIуэр. Ар пцIы зэфэззэщмэ, сыт США-мрэ Франджымрэ я правительствэхэм ильъэс къэс мылъкуцIуэ щытыгражкIуадэр нэгъэущI планетэхэм кьильэтыкI пкъыгъуэхэр зищIысымрэ зыхуэдэмрэ къэхутэным?

Уфролог («НЛО» е «къэзыльэтыхь тепщэм» жыхуаIэхэр зыдж щIэныгъэлI) Гатин Дмитрий щыгъуаэзщ цIыхухэр зыдыгу пщIэгъуэ тепльыджхэр зэрыщыIэм. А пшагъэр зищысыр зыгъэунэхуаэкэр зыбжанэ мэхъу. Абыхэм ящыщ зым, Тулэ пэгунэнэгъуэ щыIэтэм, кьиуэтэжащ мы хъыбарыр:

«Дачэм сыщIэIэу, тутын сефэу жыг лъабжьэм сыздыщIэтым, гу лъыстащ пшэ гуэрэн плъыжьыфэ гъунэгъу кьызэрысхуэхъум. СыкъэуIэбжьри, си щхьэфщым аиIэтащ, пшэм хуэдэкIэ Iуквэр кьызэрыхьэнэ щыслъагъум. Унэм сыщIэлъэдэну сыхэтащ, ауэ зысхуэгъэхьёкъым. Пшэ плъыжьыфэр кьысщыхьэри, электричествэм ещхьу, зыгуэрэ сэгъэундэрэщхъуащ. Махуэ зыбжанэ дэкIа нэужьщ зыкъыщыщIэжар. КьызэрысфIэщIымкIэ, сэ сыщыIащ щIыпIэ жьжьэ. НэгъэущI планетэм кьиклаэм садэуэрэщращ...»

Апхуэдэ дыдэр кьыщыщIащ Владивосток къалэм дэс Федоров Алексей. Ар, пшэм зыIэщIиубда кхуэхь, тенджэз Iуфэ дахэ гуэрым щIэх дыдэу кьыщыхутащ. IупщIуи кьыпхъуащ. Iуащ жыгхэр Iуву кьызэрэщкIэкIа унэшхуэм пэгъунэгъуу щыту. Абы зэрыщIыхьэу, кьыуIащ зауэлI фащэ зыыгъуу щыIэу зыкъом. Щэнтиуэм иратэгъэпсыхьри, Iэмэпсымэ гуэрхэмкIэ къызэпаплъыхьащ. «Ухуеймэ, ди дежи кьанэ», - къыжраIащ. Ар имыдэу, щIэупщIащ: «Дэнэ сыздэущIэр?» - жиIэри. «Адрей дунейрщ», - «кратащ жэуап. ПсынщIэ дыдэуи... и унэм кьыщыхутэжащ.

Галлиполи хьтIыгуныкъуэм, Тыркум Iащ Iэльтым, льэужьнышэу щыкIуэдащ Инджмльыным и 14-нэ Норфолк полкэр, щыхьу 800 зыхэтар. ЗэрыкIуэдар мыпхуэдэущ. Полкым кхъухэкIуэрт пшэ гуэрэныщхуэ. Абы гу лIатэри, сэлэтхэр къэувыIащ. Мыгувэу дзэ гупыр пшэм щIихъуащ. ИтIанэ, пшэм хуэмурэ зиIэтри, уэгум ит пшэ гуэрэн зыбжанэм, щIакхъуэ ягъэжьагъэщIэм ещIыкIэ, яхьыкъжащ. ЩIым зы салэти кьыщагъэуэтыжащ.

Атмуэдэ кхъэгъуэкэр машIэкъым. ЦIыху куэд щыкIуэда Iэгъэзблагъэхэр, Свердловск, Челябинск, Самарэ, Алтай, Волгоград областхэм я щIыналъэ щхьэхуэхэр.

1954 гъэм дунейм и щIыпIэ куэдым щалъыгъу хуэат «къэзыльэтыхь тепщэчхэр». Ахэр зиущысыр къэхутэным телажьэ Iуэхущапlэхэр, проектхэр кьыщызэрагъэпхуэат къэрал зыбжанэм (Урысейри яхэтщ). Мы зэманым абыхэм я нэхъыбэр льапIэхащ, языныкIуэхэм зи Iуэху зэрахуэхэмрэ зэфIагъэкIа кхъухтэныгъэхэм кьыкIуахэмрэ быдэу ящэхуащ.

ЦIэхуу щытауэ нахуэ кхъэхуэхэм ящыщщ «Шелдон Синди и арифметикэ» жыхуаIэр. Абы ящыщкIыкIкI, «кхъэзыльэтыхь тепщэчхэр» убзыхуным нэхъ жыджэру елэжьа, дунейм щIыруIэрыхьуэ щыхьыпIэлIэхэм я нэхъыбэр гуэру дунейм ехьжащ. Кхъбгъэльагъуэмэ, астроном, профессор Шариф А. зыпIилъэжащ, инджмльы яджагъэщхуэу Дзибфай В. Бристоль льэмыкIэр къэхъуар зыкьридзыхьжащ, Уоррен Шани псым зригъэтхьэлэжащ...

**ПОПОВЭ Надеждэ.**
*«Аргументы недели».*

● Азие



**Сеул и Iэгъуэблагъэхэм щыIэ Соннам авиабазэм щекIуэкIащ зауэ хуэIухуэщIэхэм я еханэ гъльэгъуэныгъэр. Азие къэралхэм ящыщу 26-рэ, компание льэщу 256-рэ зыхэтар. Я зэфIэкIыр зыхуэдэр белджылы къащIащ бысымхэм. Сурэтым щыгъльагъуэр абыхэм я кхъухьлъатэщIэхэр, «Къуарт фIыщI» зыфIащахэрщ.**

# Мыгъуагъэ

**Урысейм щызэпэщIэувауэ щызоныкъуэкъуэ ерыскыы монополиемрэ къэралымрэ. Апэрейхэм зэпымыууэ ерыскым и унэсхэр хагъахъуэ, етуанэрейм щыхуабэм и губжьыр зэрыхуэгъэзэ ятрепльгъэ.**

А МЫГЪУАГЪЭР кьыщокьар дыгъ уасэхэм икIи гъэ кIуаракъым - ар кьызызэкIар кьэралым и правительствэм ильъэс Iэджэ хьуауэ зэтригъэхьа щыуагъэхэщ. ЗэрыжаIащи, бдзэжьейр зэрыфыр и щхьэмкIэ кьыщыщIидзэущ. Ерыскыы щхьэмкIэ я зэхьэзэхуэрэ ар ипэкIэ зыгъэкIуэтэфын хабзэхэмрэ щымыIэмэ, зэрытльагъущи, монополиехэр щхьэзыфIэфI мэхъу, кIуэ пэ ми мэтэ.

Урысейр хущIокъу, хамэ кьэралхэм яIэщIэмылъу, и ерыскъым и уасэр, езыр зэрыхуейм хуэдэу, зэтриIыгъэну. Ауэ ар абы хуэзэфIэмыкIыкI кьаIэнщ. Сыт щхьэкIэ? Шхынагъуэ куэдыIу (процент 35-м хуэдизыр) кьиуэтуейм хуей мэхъури.

Мэкъумэш хозяйствэм дахэ-дахэу гулытэ хуамыщIурэ кьэгъуэгурыкIуащ ди къэралыр зэман куэдкIэ. Нобэ куэдым ящIэ Iэщ зэмылIэужьыгъуэ псори Урысейм хэпщIыкIыу нахъ мащIэ зэрыщыхьэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, гъэшхэкI ерыскъыхэр хамэ кьэралхэм я гъэшхэм щынэхъ льапIэщи. Сыт абы кьрикIуэр? Дыхуей-дыхуэмейми, гъэшхэкIыр ди бззэрхэм (тыкуэнхэм) нэхъ льапIэ, гъуэ тытгуеи щхьэу, хэхьу я зэпытщ сондэджэрхэм я бжыгъэми.

Нэхъыжьхэм ящIэж нэхъапэхэм гъэшхэкIкIэр къэралым ящхэуэр ткIийуэ, зы мардэм ит уасэхэмкIэ щыхьбэм ярищэжу зэрыщытар. А Iэмалыр ди зэманми кьыщагъэсэбэп къэрал куэдым. Сыт дэ абы нэмыплъ щIеттыр?

Нэхъыщхьэращи, зэхэкъутэн хуейщ сатуущ компаниехэм я «зэгурыIуэныгъэр». Абы кьрикIуэнут ерыскъыхэм я уасэхэр кьызэтеуельэныр, уеблэмэ ехуэхьыкъыныр.

**КВИНТ Владимир,**
*МГУ-м и лэжьакIуэ.*
*«Аргументы и факты».*

**НапжкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.**

● Щыуагъэхэм я Iэужьхэр

**Октябрь Революцэр къызэрыхьурэ илъэс 90 щрикъу махуэр ди къэралым и щIыпIэ куэдми хамэ хэрал Iэджэми щагъэлъэпIащ. ЗымыгъэльэпIаэхри, а къэхъугъэ иныр зыгъэпудыну хэтахэр мащIэкъым. Телеканал зэныныкъуэхэм ягъэлъагъуащ пэжым пэIащIэ, губжьфэ лъагъэмыкъуныгъэкIэ гъэщIа художественнэ, документальнэ фильмхэр.**

АБЫХЭМ ЯЩЫЩУ сызэпльыфар тIу кьудейщ, «Штурм Зимнего. Опровержение», «Кто заплатил Ленину?» зи фIощыгъэхэрщ. А тIури кьызэзэыгъэпэщар пащтыкъ гуаущэу зызыльытэж Чавчавадзещ, куржы льэпкъ цIэрыIуэм нысэ хуэхъуа, ауэ и пщIэм зыкIи зезымыгъэIэта бзэльхъуэгъэщ.

А зиусьэнщи щэсыпIэ иуовэ Октябрь Революцэр кьызззыгъэпэщар хамэ кьэралхэм я унафэщIхэмрэ тIасхъэщIэхъхэмрэу. Зы псалъи жиIэркъым 1917 гъэм и кхъэгъэ нэхъыщхьэм цIыху минхэр, мелуанэхэр кьызэщIиIэтауэ, куэдыр я псэ ямыIэжу баррикадхэм хэтауэ зрэщыщтам теухуауэ.ЕбэщIу цIыхубэм и кьыхуэжьнэгъэхэр («ЩIы!», «ЩIакъуэ!», «Мамырыгъэ!») эыхуэдамрэ ахэр кьызызэкIа щытыкIэ гугъэмрэ. И напщIэр мыхуадэу жеIэ Февраль революцэр инджмльыз, франджы, нэмыщэ ахъшэхэм я Iэужьу, Лениныр здэщщIар Разливыр армырауэ, атIэ Берлину. ЕтIуанэ фильмым тхьэ щIеIуэж Ленинрэ Разливым щызэкъуэу, абы «хьилагъэ Iэджэм я бджэныхъэр» щызэIущащэу. ФильмитIым я сценарийхэр зытхар зы цIыхущ, зи гугъу фхуэтщIа «пащтыкъ гуащэрщ». Ауэ абы зы щIыпIэм и деж щыжиIар нэгъэущI щыпIэм и деж щызэрэкъэщI - пэжыр уэ кьащIэ. Нэхъ тэмэму жыIтIэщи, зи гугъу иущ псори пцIы зэфэззэщщ!

Ауэ зытепсэльыхьхэр ди фIощ ищIын папщIэ, фильмхэм Чавчавадзе «хигъэпщIащ» Октябрь Революцэм и тхьэдэм теухуауэ курыт еджапIэхэм щадж тхылъхэм щыщ пычыгъуэхэр. Псалъэм папщIэ, Дворецэхэм я утым пхъэ гъэсынпхъэу куэд зэрильар, Зимнэ уардэунэм сымаджэщыр зэрыхэтар, «Аврора» крейсер кхъужьыр зэрыуэ топышэхэр гуэн кьудейкIэ уэздауэ зэрыщытар...

Фильмхэр зэрыкъэзыуар-хэмрэ нэрылъагъуэ зэхагъэзэрыкъыщ Октябрь Революцэм и «хьэпIыцIфэ» зэрыхьэзэрийхэмрэ. «ХьэпIыцIфэхэм» революцэкIэ уеджэ зэрымыхьунур, абы унафэщI хьэжьвакъэжьышхэр нэгъэущI гупхэмкIэ (нэхъеижхэмкIэ) яхуэж кьудейуэ зэрыщытыр кьыбгурымыIуэн щхьэкIэ икъукIэ гугъу зебгъэхьын хуейщ, нэмысри хабзэхэри зыIи кьыумыдзэжу - аращ Чавчавадзе зи пашэ IэщIагъэлIхэми кьащыщIар.

Ленин, Октябрь Революцэ - тхьидэ мыхьэнэ зиIэ хэхъуэкъащIэ иныIуэщ ахэр, «пащтыкъ гущIэхэмрэ» гужьгъэжь зиIэ, пэжым зыкIи хузмей кьулыкъэхьэ зэтIэншэхэмрэ зэи яхуэмыгъэульынму. Тхьидэр «гуащэ» хьэрэмыгъэншэщ. Абы гува-щIэхэми пэжыр лъ быдзкIэ зэкIигъэвэж. Ар гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

**СТРОГОВ Иван.**
*«Правда».*